



Olga Hugelmeyer
Superintendent of Schools

31 Mas 2021

A Paran, Gadyen, e Manm Lekòl Donald Stewart Lekòl No. 51

Lekòl Piblik Elizabeth la priyorite sante ak sekirite tout manm lekòl yo. Nou te aprann jodia ke yon moun nan Donald Stewart Lekòl No 51 teste pozitif pou Covid-19 epi aktyèlman izole lakay li kòm yon mezi proteksyon. Nou paka idantifye endividi a akòz konfidansyalite enfòmasyon medikal yo.

Distri a rete vijilan pandan tan san parèy sa yo. Nou ap swiv tout pwosedi nou aprouve yo dapre Depatman Sante New Jersey a ak plan ansanm pou reouvri nou an. Anplis de sa, nou te kominike avèk Ofisye Sante Vil Elizabeth epi te fè rechèch kontak.

Nou gen espwa ke mezi pou diminye dega nou gen anplas yo, tankou tout moun mete mask, pwosedi tèst verifikasyon, distans sosyal, kokennchenn pwosedi netwayaj, ak lòt prekosyon, ap gen efè entansyone yo epi redwi oswa pou minimize risk transmisyon yo nan anviwònman lekòl la. Nou ankouraje paran, elèv ak manm lekòl yo kontinye swiv Sant pou Kontwòle Maladi & Ankouraje prevansyon proteksyon, tankou:

- Itilizasyon ki konsistan e kòrèk nan mete mask
- Distans sosyal jiska pi gro limit posib
- Ijyèn men pwòp ak etikèt respiratwa
- Netwayaj ak dezenfeksyon
- Rechèch kontak an kolaborasyon ak depatman sante lokal yo

Mèsi pou sipò ou nan efò sa yo ak pasyans ou, fleksibilite, ak konpreyansyon jan nou ap travay ansanm pou ankouraje sante ak byennèt nan kominote nou an.

Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri pa ezite kontakte m nan 908-436-6131 oswa hugelmol@epsnj.org.

Sensèman,

Olga Hugelmeyer

Office of the Superintendent of Schools